

COVID-19: Kijan pou Siveye Nivo Oksijèn Ou

Si ou gen yon tès COVID-19 pozitif oswa w ap tann rezilta tès ou a, yon oksimèt pou pwent dwèt (yon aparèy pou mezire batman kè ak kantite oksijèn) se yon fason rapid ak fasil pou kontwole nivo oksijèn lan nan san ou.



Kisa yo rele oksimèt pou pwent dwèt la?

Yon oksimèt pou pwent dwèt se yon aparèy rapid, fasil pou itilize, ki pa fè mal e ki pa antre nan kò ou ki sèvi ak limyè ak yon detektè pou kontwole nivo oksijèn lan nan san ou.


Poukisa li enpòtan pou m kontwole nivo oksijèn mwen?

Yon moun ka gen COVID-19 san li pa konnen poutèt li pa gen sentòm. COVID-19 ka ba ou enfeksyon nan poumon, sa ki ka bese nivo oksijèn lan nan san ou. Lè nivo oksijèn ou ba, ou gen dwa santi ou fatige, gen souf kout oswa pa santi anyen ditou, sa ki ka danjre. Ou dwe suiv nivo oksijèn ou avèk yon oksimèt pou pwent dwèt jiskaske ou fè mye. Si nivo oksijèn ou tonbe, ou dwe chèche èd medikal touswit.

Kijan pou m sèvi ak oksimèt pou pwent dwèt mwen an?

Mezire nivo oksijèn ou de (2) fwa pa jou (yon fwa nan maten ak yon fwa nan aswè, oswa pi souvan si pwofesyonèl medikal ou a ba ou enstriksyon pou sa).

- 1 Verifye gen pil andedan epi limen aparèy la.




- 2 Mete endèks ou (dwèt ki sou kote pous la) andedan oksimèt la avèk zong ou fas anlè.



- 3 Tann ekran an montre yon chif.



- 4 Si ekran an pa montre chif, eseye nenpòt ki lòt dwèt eksepte pous ou. Oksimèt yo gen dwa pa mache sou dwèt ki frèt oswa ki mouye, oswa si dwèt ou gen kitèks sou zong nan.



- 5 Make nivo oksijèn ou yo nan journal yo ba ou a.

Dat	Lè	SpO2
11/1/20	8:30 a.m.	99
	6:00 p.m.	99
11/2/20	09:00 a.m.	97
	08:30 p.m.	98
	a.m.	

Kijan pou mwen li chif yo sou ekran an?

Oksimèt ou a ap montre de (2) chif. Nivo oksijèn ou make SpO2. Lòt chif la se vitès batman kè ou. Pou pifò moun, yon nivo oksijèn nòmal se 95% oswa pi wo e yon vitès batman kè nòmal jeneralman pi ba pase 100. Nivo oksijèn ou ak vitès batman kè ou ka chanje dapre aktivite ou, pozisyon kò ou ak sante ou an jeneral. Pale ak pwofesyonèl swen sante ou si ou genyen kesyon.



Kijan pou m netwaye oksimèt mwen an?

Siye tout sifas oksimèt la avèk yon twal, yon sèvyèt papye oswa yon boul koton ki tranpe nan alkòl ki gen omwen 60% izopwopil anvan ak apre chak itilizasyon.



Èske mwen ka sèvi ak oksimèt pou pwent dwèt mwen an pou timoun?

Yo pa rekòmande oksimèt yo pou timoun ki gen mwens pase laj 14 an. Siveye sentòm pitit ou a de prè epi kontakte pwofesyonèl medikal li si li malad oswa si li vin ap touse plis oswa gen difikilte respire.

Èske mwen dwe mete pwofesyonèl medikal mwen an okouran nivo oksijèn mwen mezire yo?

Li enpòtan pou w kenbe pwofesyonèl medikal ou a okouran sante ou ak nivo oksijèn ou. Kontakte pwofesyonèl medikal ou a jan yo ba ou enstriksyon pou sa nan Tablo 1, dapre mezi nivo oksijèn ou. Si ou pa gen pwofesyonèl medikal, rele 844-692-4692 pou jwenn youn epi mande randevou.

Ki lè pou m chèche èd medikal?

Tablo ki pi ba a se yon gid sou sa valè nivo oksijèn nan vle di ak sou ki lè ak kijan pou w chèche èd medikal.

Tablo 1

Nivo Oksijèn	Gid
90% oswa pi ba	Nivo oksijèn sa a enkyetan anpil e li gen dwa endike yon pwoblèm medikal grav. Rele 911 oswa al nan sal dijans ki pi pre w la touswit. Ou gen dwa bezwen radyografi oswa tès kè ijan.
91% a 94%	Nivo oksijèn sa a enkyetan e li gen dwa endike yon pwoblèm medikal. Rele pwofesyonèl medikal ou touswit. Si ou pa gen pwofesyonèl medikal, ou kapab jwenn yon evalyasyon swen ijan lè ou ale nan expresscare.nyc oswa lè ou rele 212-268-4319. Ap gen yon pwofesyonèl medikal k ap evalye ou gratis pa telefòn oswa pa videyo. Ou ka ale nan yon etablisman swen ijan ki toupre w lan tou.
95% a 100%	Nivo oksijèn sa a nòmal. Fè yon ti mache pandan de (2) minit epi mezire nivo oksijèn ou ankò. Si nivo oksijèn ou tonbe pi ba pase 95%, suiv enstriksyon ki nan seksyon ki aplikab la pi wo a.

Atansyon, sa enpòtan: Oksimèt yo ka bay rezilta ki pa kòrèk pou moun ki gen po fonse. Moun ki gen po fonse dwe pale ak pwofesyonèl medikal yo si yo gen kesyon oswa bagay k ap trakase yo sou oksimèt yo a oswa sou lekti nivo oksijèn yo.

Jounal Nivo Oksijèn nan

Sèvi ak jounal la pou suiv nivo oksijèn ou yo. Mande pwofesyonèl medikal ou a ki lè pou w sispann kontwole nivo w yo.

Dat	Lè	Nivo Oksijèn (SpO2)	Lòt Sentòm
	a.m.		
	p.m.		
	a.m.		
	p.m.		
	a.m.		
	p.m.		
	a.m.		
	p.m.		
	a.m.		
	p.m.		
	a.m.		
	p.m.		
	a.m.		
	p.m.		
	a.m.		
	p.m.		
	a.m.		
	p.m.		
	a.m.		
	p.m.		
	a.m.		
	p.m.		
	a.m.		
	p.m.		
	a.m.		
	p.m.		

Nivo Oksijèn	Gid
90% oswa pi ba	Nivo oksijèn sa a enkyetan anpil e li gen dwa endike yon pwoblèm medikal grav. Rele 911 oswa al nan sal dijans ki pi pre w la touswit. Ou gen dwa bezwen radyografi oswa tès kè ijan.
91% a 94%	Nivo oksijèn sa a enkyetan e li gen dwa endike yon pwoblèm medikal. Rele pwofesyonèl medikal ou touswit. Si ou pa gen pwofesyonèl medikal, ou kapab jwenn yon evalyasyon swen ijan lè ou ale nan expresscare.nyc oswa lè ou rele 212-268-4319. Ap gen yon pwofesyonèl medikal k ap evalye ou gratis pa telefòn oswa pa videyo. Ou ka ale nan yon etablisman swen ijan ki toupre w lan tou.
95% a 100%	Nivo oksijèn sa a nòmal. Fè yon ti mache pandan de (2) minit epi mezire nivo oksijèn ou ankò. Si nivo oksijèn ou tonbe pi ba pase 95%, suiv enstriksyon ki nan seksyon ki aplikab la pi wo a.